

ENSTRIKSYON POU LÈ OU RESEVWA ODINATE KI PA VINI NAN BWAT

Bonjou e byenveni . Non pam se Julia Hilburn e mwen se yon espesyalis sipò nan teknoloji pou Lekòl Piblik St. Lucie.

Videyo sa se pou fanmi ki resevwa òdinatè nan lekòl piblik St. Lucie yo ki sanble ak sa nap montre la. Anblèm St. Lucie Public School la ap rete grave sou do òdinatè ya. Si òdinatè ke ou resevwa ya vini nan yon nouvo bwat , gade videyo ki di “ENSTRIKSYON POU LÈ OU RESEVWA ODINATE KI VINI NAN BWAT “ pou ou kapab genyen enstriksyon yo ak konfigirasyon yo.

Tanpri, asire ou ke avan ou kòmanse, ke ou ploge òdinatè nan kouran. Li rekòmand pou w chaje òdinatè avan ou sèvi ak li.

Louvri kouvèti laptop la epi jwenn bouton pou limen aparèy la. Li rele “**Power**”

Ekran pou “**login**” la pral parèt, mete non ditilizasyon ak modpas ou. Nan “**username**” mete **slpsstudent** e nan “**Password**” mete **Home2020**, jan li eki ya ak “**H**” **majiskil**.

Aprè ke ou fini antre, ale nan anblèm entènèt la/ wifi pou kapab konekte ak rezo entènèt la

Chwazi aksè a entènèt/wifi ke ou genyen Asire ou ke ou chwazi koneksyon otomatik. Fòk ou peze sou ti kare ki bò “**Connect Automatically**” apre, peze sou “**connect**” Antre modpas entènèt ou wa epi peze “**Next**”

Peze sou flèch la, ki anba a dwat nan ekran ya, tan jiskaske anblèm kliyan mobil la ki se Content Keeper vin zoranj. Lè sa ou konekte sou entènèt la.

Si ou genyen difikilte ak etap sa yo oswa òdinatè w pa mache, tanpri rele St. Lucie School Help Desk nan 772-429 4357